# Қараөзек: жаңа оқыў жылына пуқта таярлық көрилмекте

Қараөзек районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 34 билимлендириў мәкемелери бар болып, олардан 33 улыўма орта билим бериў мектеби ҳәм 1 баркамал әўлад балалар орайы билимлендириў мәкемелери хызмет көрсетип келмекте.

Image not found or type unknown

Соннан 34 мәкемеден жәми 21 мәкеме суйық ҳәм қатты отын (көмир) жанылғысынан пайдаланады, қалған 13 мәкеме болса газ жанылғысынан пайдаланады.

Быйылғы жаңа оқыў жылына жәми 250 тонна қатты отынға буйыртпа берилип, (102 тонна брикет, 60 тонна көмир) соннан бүгинги күнге 45 тонна жеткерип берилди. Сондай-ақ, қосымша 100 тонна Қазақстан көмирине буйыртпалар берилди.

Сондай-ақ райондағы бир қатар мектеплерге ири қурылыс оңлаў жумыслары алып барылмақта.

Image not found or type unknown

Атап айтқанда, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 19-марттағы ПП-5969-санлы пәрманы тийкарында 6-санлы улыўма орта билим бериў мектеп имаратына сметалық баҳасы 2 миллард 587 миллион сумнан аслам сўм қаржы ажыратылып, бүгинги күнде имараттың биринши қабаты өрилип сыбаў жумыслары әмелге асырылмақта.

Жаңа оқыў жылына 2020-жыл II-шерегинде жәми 7 мектеп (2-, 10-, 11-, 13-, 15-, 28-,32-санлы мектеплерге) ке 1134 дана парта, муғаллимлер столы 88 дана, китап шкафы 154 дана, кийим шкафы 88 дана, муғаллимлер стулы 86 дана, 69 дана доска менен тәмийинленди.

Image not found or type unknown

Жеткерип берилген инвентарлардың жәми муғдары 790 миллионнан асламды қурайды.

Улыўма алған Қараөзек районындағы билимлендириў мәкемелери жаңа оқыў жылына дерлик таяр жағдайда болып, 2020/2021 оқыў жылын жоқары дәрежеде шөлкемлестириў ушын барлық илажлар көрилмекте.

Қараөзек районы ҳәкимлиги мәлимлеме хызмети

□□ Каналға ағза болыў - @QresMinistrlerKenesi